

A smiling man with a beard and a black hat, wearing a grey t-shirt and a black leather apron with a brown pocket, leans on a wooden counter. He has a tattoo on his left arm. The background is a blurred workshop or kitchen with shelves and plants.

# FASON POU BATI BIZNIS OU NAN VIL NEW YORK

► Yon Gid pou  
Antreprenè  
Imigran

► Chè Zanmi,

Se moun tankou oumenm ki te bati New York. Nou se yon lidè mondyal grasa antreprenè imigran nou yo. Gid sa a pral ede w lanse biznis ou, jwenn siksè ak gen yon efè enpòtan sou vil nou an.

Imigran reprezante mwaye nan tout pwopriyete biznis epi y ap kreye tout kalite biznis k ap pwospere. Se pou rezon sa, antan Majistra w, mwen vle fè tout bagay ki nan pouvwa mwen pou mwen sipòte travay ou. Grasa

NYC Department of Small Business Services, nou ofri sèvis gratis nan sis pi gwo lang etranje yo pou ede w kòmanse, jere, ak ogmante gwosè biznis ou. Gid sa a se yon lòt fason nou kapab bay èd. Li pral mache ak ou etap pa etap pandan tout pwosesis pou kòmanse yon biznis.

Nan non 8.5 milyon Moun New York yo, mwen vle swete w bòn chans.

Ak tout kè mwen,



**Bill de Blasio**  
Majistra

► Chè Moun New York tankou mwen,

Pandan mwen t ap grandi Lagrenad, pou grann mwen te soutni kay nou li te vann lèt ak machandiz nan mache lokal lan. Depi mwen te toupiti, mwen te wè dirèkteman kijan lè w posede yon biznis, sa kapab kore yon fanmi pou plizyè jenerasyon. Eksperyans pèsònèl sa a fondamantal pou vizyon mwen genyen pou NYC Department of Small Business Services.

Antan imigran e rezidan nan yon vil k ap grandi kote mwaye nan ti biznis yo se antreprenè imigran, mwen konnen li enpòtan anpil pou ede tout antreprenè nou yo. Ekip mwen an ak mwenmenm te lanse yon efò sansibilizasyon san parèy nan divès kalite kominote yo ki fòme estrikti fondamantal vil nou an.

Pa Inisyativ pou Biznis Imigran Imigran nou an, pou nou te agrandi domèn aksyon nou, nou travay ak patnè sou

teren an pou bay konsèy fas-a-fas ak sansibilizasyon kominote nan sis pi gwo lang yo. N ap konekte imigran yo nan yon pakèt sèvis nou ofri nan sèt NYC Business Solutions Center ki chita toupatou nan chak awondisman. Kounye a, n ap ofri klas gratis sou sijè tankou kredi, maketing, èd legal, ak kreyasyon antrepriz nan lang Panyòl, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Ris, Koreyen, ak Bengali. Gid sa a se pwochen etap la pou nou sèten sèvis nou yo aksesib fasilman pou tout pwopriyete biznis.

Majistra Bill de Blasio mete ajans Vil la anchaj yon djòb san parèy — batay kont inegalite ak kreye yon vil kote tout moun gen posiblite pou devlope ansanm. Nan NYC Department of Small Business Services la, nou pran angajman pou debloke posiblite ekonomik epi kreye sekirite ekonomik pou tout Moun New York.

Ak tout kè mwen,



**Gregg Bishop**  
Manm Komisyon  
NYC Department of Small Business Services

# ANGAJMAN VIL

# NEW YORK POU

# IMIGRAN

Vil New York ede Moun New York ki imigran yo bati lavi ki plis estab, ki gen plis sekirite ak siksè nan vil nou an. NYC Department of Small Business Services (SBS) bay sèvis ak resous ki vize antreprenè imigran yo. Gid sa a se youn nan resous sa yo. Aprann plis enfòmasyon sou tout sèvis SBS pou antreprenè imigran yo nan **[nyc.gov/immigrantbusinesses](https://nyc.gov/immigrantbusinesses)**.

# TABDÈMATYÈ

## ► KISA KI NAN GID SA A

Gid sa a ofri konsèy ak resous pou antreprenè imigran nan Vil New York. Kontni ak egzèsis li genyen kapab ede lektè yo planifye, lanse, ak grandi yon biznis. Li gen ladan lòt resous anplis nan chak seksyon ak yon anèks dokiman nan finisman li. Lektè yo kapab tcheke tout gid la, oubyen pa seksyon toudepan de bezwen yo.

# 01

## ANVAN OU KÒMANSE

07/ Konnen Dwa ou yo

# 02

## PREPARE POU VIN YON PWOPRIYETÈ BIZNIS

11/ Evalye Nivo Preparasyon Ou

13/ Devlope Konsèp Biznis Ou

17/ Jere Finans Pèsonèl Ou

# 03

## PREPARE POU LANSE BIZNIS OU

22/ Jesyon Finansye Biznis

27/ Estriktire Biznis Ou

33/ Fason pou Jwenn direksyon  
nan Gouvènman an:  
Pèmi ak Lisans

# 04

## PLANIFIKASYON POU BIZNIS LAN DEVLOPE

37/ Maketing

46/ Teknoloji

49/ Vann ba Gouvènman an:  
Sètifikasyon ak Kontra

# 05

## FASON POU METE TOUT ANSANM

53/ 15 Pwen kle ak Resous

01/

**ANVAN OU**

**KÒMANSE**





**Nan Vil New York, tout rezidan, ankontan kominote divès kalite imigran nou yo, dwe santi yo byenveni. Ou gen dwa ki garanti, ak resous gratis nan vil la pou soutni lavi w isit la.**

## Èske Ou Te Konnen?



- ▶ Sèten moun ki fè tankou y ap ofri èd pou imigrasyon, olye sa se avantaj y ap pran sou kliyan yo.
- ▶ Yo pa pral janm mande w sityasyon imigrasyon w lè w ap kominike avèk NYPD oswa anplwaye Vil la, eksepte nan kèk ka lè w ap aplike pou yon avantaj federal. Vil la kenbe règleman estrik sou konfidansyalite pou asire pwoteksyon enfòmasyon prive tout Moun New York, epi li divilge enfòmasyon sèlman lè lalwa egzije sa.
- ▶ Se sèlman avoka ki gen lisans oswa moun gouvènman an sètifye ki ka bay èd legal pou imigrasyon.
- ▶ **Rele 311** epi di **“immigration help” (èd pou imigrasyon)** pou w jwenn èd pou imigrasyon gratis, san danje nan katye w.

### LÒT RESOUS ANPLIS

- Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan:
- dwa ou genyen ki garanti kòm rezidan Vil New York, ale nan [nyc.gov/humanrights](http://nyc.gov/humanrights).
  - tout resous Vil la pou imigran, ale [nyc.gov/immigrants](http://nyc.gov/immigrants), oswa rele 311 epi di bezwen ou genyen.
  - dwa ou kòm pwopriyetè biznis nan Vil New York, ale nan [nyc.gov/bizrights](http://nyc.gov/bizrights).
  - lwa enpòtan Vil la sou travay tankou konje maladi peye ak salè ki ase pou viv, ale nan [on.nyc.gov/workplacelaws](http://on.nyc.gov/workplacelaws).

# KONNEN DWA OU YO

Kèlkanswa sityasyon imigrasyon oswa sityasyon legal ou, kwayans relijye w, oswa aksan w, ou:

Kapab... 	Pa kapab... 
<ul style="list-style-type: none"> <li>✔ <b>jwenn aksè a sèvis Vil la</b> ke ou andwa pou resevwa ak pou yo sèvi w nan lang pa ou</li> <li>✔ <b>rele 311 pou</b> depoze yon plent <b>si yo pa respekte dwa ou</b></li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✘ <b>jwenn refi pou travay</b> pou anpil djòb si ou gen otorizasyon pou travay, epi yo pa kapab refize w lojman</li> <li>✘ <b>resevwa kesyon sou sityasyon imigrasyon w</b> nan men anplwaye gouvènman, sof si w ap aplike pou yon avantaj oswa yon sèvis ki oblije yo fè sa</li> </ul>

## KONNEN RESOUS OU

- Mwen bezwen èd pou Anglè**
  - WE ARE NEW YORK**  
se yon pwogram nan televizyon ki ede Moun New York ki imigran fè pratik nan Anglè. Gen gwoup diskisyon ki reyini pou fè plis pratik. Jwenn plis enfòmasyon nan [nyc.gov/wearenewyork](http://nyc.gov/wearenewyork).
  - CUNY**  
[www2.cuny.edu/academics/cpe](http://www2.cuny.edu/academics/cpe)
  - DYCD**  
800.246.4646
- Mwen bezwen èd legal pou imigrasyon**
  - ACTIONNYC**  
se yon pwogram ki bay èd legal pou imigrasyon gratis epi san danje pou Moun New York. Jwenn plis enfòmasyon nan [nyc.gov/actionnyc](http://nyc.gov/actionnyc).
  - NYCITIZENSHIP**  
ofri èd gratis pou aplikasyon pou sitwayènte ak konsèy finansye nan bibliyotèk piblik yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, **rele 311** epi di: **“citizenship appointment” (randevou sitwayènte)**.
- Mwen bezwen idantifikasyon, men mwen pa gen papye**
  - IDNYC**  
se yon idantifikasyon gratis ak ofisyèl pou tout rezidan New York. Li bay aksè a sèvis NYC, prè idantite pou lapolis, aksè a yon kont labank oswa kredi inyon nan enstitisyon finansye ki patnè yo, ak plis toujou. Jwenn plis enfòmasyon nan [nyc.gov/IDNYC](http://nyc.gov/IDNYC).

- BIBLIYOTÈK:**
- New York Public Library (Bibliyotèk Piblik New York)**  
[nypl.org](http://nypl.org)
  - Brooklyn Public Library (Bibliyotèk Piblik Brooklyn)**  
[bklynlibrary.org/](http://bklynlibrary.org/)
  - Queens Public Library (Bibliyotèk Piblik Queens)**  
[queenslibrary.org](http://queenslibrary.org)



02 /

**PREPARE  
POU VIN YON  
PWOPRIYETÈ  
BIZNIS**

Lanse yon biznis se tankou al fè yon vwayaj. Anvan ou deplase, ou dwe konsidere kisa ou bezwen, kisa ou genyen deja, ak kisa ou dwe jwenn kanmenm. Plis ou planifye pi byen, se pi bon chans ou genyen pou vwayaj ou an reyisi.

Okenn antreprenè pa gen tout bagay li bezwen lè l ap kòmanse. Seksyon sa a pral ede w idantifye bagay sa yo — sou plan pèsònèl, pwofesyonèl, ak finansye — ak kisa ou kapab fè pou devlope yo.

## EVALYE NIVO PREPARASYON OU

Li enpòtan pou w evalye tèt ou kòm antreprenè anvan ou planifye yon biznis. Konsidere sa ki annapre la yo:



**1**

### Atitud

Èske mwen gen enèji ak fèm desizyon pou reyisi malgre difikilte? Èske mwen pare pou pran yon risk sou yon biznis ki gendwa pa reyisi?



**2**

### Lajan

Èske m gen ekonomi oswa èd finansye ki nesèsè pou m gen mwayen pou kòmanse yon biznis?



**3**

### Rezo

Èske mwen gen sipò fanmi, zanmi oswa kòlèg ki ka amelyore fòs mwen epi ede m fè fas ak difikilte yo?



**4**

### Konpetans

Èske mwen gen konpetans nan planifikasyon ak jesyon ki nesèsè pou lanse ak jere yon biznis? Èske mwen vle envesti tan ak efò pou devlope yo?



**5**

### Tan

Èske mwen prèt pou travay pandan plis èdtan pase pifò anplwaye yo? Èske mwen ka pase tan nan fè rechèch ak planifikasyon pou biznis mwen an?

#### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou jwenn semènè gratis ki anseye fason pou evalye ak amelyore nivo preparasyon w pou biznis, ale nan [nyc.gov/immigrantbusinesses](http://nyc.gov/immigrantbusinesses) epi chèche semènè "10 Steps to Starting a Business" (10 Etap pou Kòmanse Yon Biznis) ki toupre ou.

## Egzèsis 1

### Egzamen Rapid Analiz Pèsònèl

Tout antreprenè ki jwenn siksè gen menm kalite sa yo. Sèvi ak tablo ki anba a pou evalye fòs karakteristik ou kòm antreprenè.

Kalite	Solid 3	Mwayen 2	Amelyorasyon Nesèsè 1
<b>1. Pasyone</b> Mwen kwè lide biznis mwen pral reyisi epi mwen gen volonte pou fè sa rive.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>2. Disiplin Pèsònèl</b> Kit li agreyab ou non, mwen prèt pou fè travay la pou mwen jwenn siksè.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>3. Renmen bagay ki difisil ki pa sèten</b> Mwen renmen rezoud pwoblèm san machaswiv oswa konsèy aklè.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>4. Pèsistan ak rezistan</b> Mwen prevwa pral gen enkonvenyan, epi mwen pral rezoud yo lè yo rive.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>5. Konvenkan</b> Mwen kapab konvenk lòt moun sou rezon ki fè yo dwe envesti tan, enèji, oswa lajan nan biznis mwen an.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>6. Etik</b> Moun konnen m tankou yon moun ki fonksyone avèk onètete, prensip fèm, ak konsiderasyon pou lòt moun.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

#### Dapre egzamen sa a, kikote ou gen posiblite pou amelyorasyon?

Sèvi ak tablo ki anba a pou chwazi twa nan kalite ou genyen ke ou ta ka amelyore. Apresa, chwazi de fason ou pral fè sa pou chak nan yo.

Kalite	Fason Mwen Pral Amelyore
	1. 2.
	1. 2.
	1. 2.



# DEVLOPE KONSÈP BIZNIS OU

Ou bezwen plis pase yon lide pou fè yon biznis vin yon siksè. Ou dwe devlope yon konsèp biznis pou eksplike valè lide ou an bay lòt moun ak pou kòmanse transfòme lide ou vin yon plan biznis.

Fè lekti egzanp deklarasyon konsèp biznis ki anba a. Nan ki pwen li efikas? Kijan ou ta amelyore li?

## Deklarasyon Konsèp Biznis—Dolores' Daycare

Toupre Nostrand Avenue nan Bedford-Stuyvesant, nan Brooklyn, gen plis jenn fanmi k ap vin abite ki bezwen gadri serye. Men, gen kèk grenn biznis gadri nan zòn nan, epi pa gen anpil ki gen bon jan kalite. Dolores' Daycare pral ofri gadri ki san danje e ki bay edikasyon chak jou lasemèn de 6 am rive 8 pm pou fanmi k ap travay sa yo. Biznis la pral fè distenksyon ak lòt yo grasa pèsònèl ki gen eksperyans ak fòmasyon. Yo pral sèvi avèk pratik ak resous ki pi resan nan edikasyon pou timoun piti.

Poutèt fondatè yo te fèt ak grandi nan Bedford-Stuyvesant, yo toude gen anpil koneksyon nan gwoup kominotè ki travay avèk jenn fanmi. Yo pral fè sondaj bòkote fanmi sa yo pou aprann kisa yo vle nan men yon biznis gadri, epi enfòmasyon sa yo pral gide fason biznis la fonksyone. Sansibilizasyon sa a pral ede bati yon rezo kliyan tou pou pi devan.

Kounye a eseye ekri pwòp deklarasyon konsèp biznis pa ou. Itilize kesyon yo ki anlè a kòm gid.

## Deklarasyon Konsèp Biznis

---



---



---



---



---

### Reponn kesyon annapre la yo:

1

Kisa pwodwi oswa sèvis la ye, epi ki objektif li?

2

Kikote pwodwi oswa sèvis ou an chita sou mache a? Kisa ki fè li diferan ak pa konkiran yo?

3

Ki kliyan ou vize? Kijan pwodwi ou an satisfè youn nan bezwen li yo?

4

Kijan pwodwi oswa sèvis ou an pral rive jwenn kliyan yo? Kikote ak kilè ou pral vann li?





## KÒMANSMAN POU PLAN BIZNIS OU

Konsèp biznis ou an se kòmansman plan biznis ou an tou. Yon plan biznis dekri andetay fason yon biznis pral atenn objektif li yo. Li transfòme lide biznis ou vin yon estrateji ak metòd andetay pou siksè.

Tablo ki anba a bay yon apèsi pou yon plan biznis. Fè lekti kesyon yo pou chak seksyon pou w kòmansè reflechi sou sa ou pral bezwen pou bati pwòp plan biznis pa ou. Kontinye nan tout bwat zouti sa a pou jwenn konsèy pou reponn kesyon sa yo.

### REZIME PLAN BIZNIS

Seksyon	Deskripsyon
REZIME	Yon apèsi kout sou tout plan biznis ou an. Li dwe gen ladan non pwopriyete yo, pwodwi oswa sèvis la, mache a, ak lajan ki nesesè a.
DESKRIPSYON BIZNIS LA	Detay kle sou biznis la, ansanm ak non li, bi li, estrikti legal, sektè aktivite a, ak objektif, ak sou oumenm, ankontan eksperyans ou, relasyon pwofesyonèl, ak enfòmasyon pou kontakte w.
JESYON AK ANPLWAYE	Kimoun ki pral jere biznis la, ak ki fonksyon yo? Konbyen anplwaye ou bezwen? Konbyen salè ak avantaj tout moun pral koute?
OPERASYON AK ANPLASMAN	Kijan ou pral pwodwi ak vann pwodwi a? Kimoun ki pral founi envantè a? Kilè biznis la pral louvri? Ki kalite espas biznis ou an bezwen?
MAKETING	Ki kliyan ou vize? Kijan ou pral rive jwenn yo? Kiyès ki konkiran ou? Ki avantaj ou genyen sou yo?
DEMANN FINANSYE	Konbyen lajan w ap bezwen? Kijan ou pral sèvi ak lajan an? Kijan ak kilè ou pral remèt lajan an?
PWOJEKSYON FINANSYE	Kijan lajan pral antre ak soti nan biznis la? Kijan ou pral jenere pwofit? Kilè ou prevwa w ap ka jenere yon pwofit?

#### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou jwenn dokiman pou lekti sou fason yo ekri yon plan biznis, SBA bay konsèy nan [sba.gov/starting-business/write-your-business-plan](https://www.sba.gov/starting-business/write-your-business-plan).

# JERE FINANS PÈSONÈL OU

Pou pwouve degre preparasyon w pou w jere finans yon biznis, ou dwe montre toudabò ou ka jere pwòp finans pa ou. Youn nan fason pou etabli relasyon ak pretè, pwopriyete espas komèsyal, ak lòt moun, se grasa istwa kredi ou ak nòt kredi ou. Istwa ak nòt kredi ou montre konpòtman ou te genyen nan jere dèt ou.

## Ki mezi ou ka pran pou w kòmanse etabli kredi ou?

1

### Jwenn yon ITIN

Yon ITIN se yon nimewo gouvènman an itilize pou trete zafè taks yon moun. Li se yon opsyon idantifikasyon pou moun ki pa gen Nimewo Sekirite Sosyal. Moun ki gen ITIN ka pwouve yo peye taks epi y ap viv Ozetazini. Yo kapab jwenn aksè tou nan enstitisyon finansye yo. Menmsi yon ITIN pa pral kreye kredi ou, li kapab yon bon premye etap. Ou ka aplike pou yon ITIN nan [irs.gov/individuals/general-itin-information](https://www.irs.gov/individuals/general-itin-information).

2

### Louvri yon kont nan yon bank oswa kredi inyon

Yon kont labank etabli istwa finansye ou pou pretè yo ka egzaminen. Li pwoteje lajan ou tou kont vòl epi fè peman fakti ou yo pi fasil. NYC SafeStart Account Vil la ofri tout Moun New York yon kont depay pou derape. Li gen yon kondisyon balans minimòm \$25 epi li pa gen okenn frè. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan [nyc.gov/ofe](https://www.nyc.gov/ofe) epi klike “Innovative Programs” (Pwogram ki pote nouvote).

3

### Louvri yon kat kredi sekirize oswa aplike pou yon prè ki kreye kredi

Kat kredi sekirize ak prè ki kreye kredi garanti ak lajan ou mete nan kont lan. Lè w peye acha ou oswa prè ou atan ak annantye, sa kapab kreye kredi byen vit. Gade nan **LÒT RESOUS ANPLIS** anba la a pou w jwenn èd pou yon kat kredi sekirize.

### MEN KÈK FASON LÈ W GEN YON NÒT KREDI SOLID SA KAPAB EDE OU:

- ▶ Peye to denterè ki pi ba sou prè ak frè kat kredi
- ▶ Prete pi gwo kantite lajan
- ▶ Jwenn aksè a pi bon to asirans pou machin, kay ou, ak lòt toujou
- ▶ Resevwa konsantman pi fasil pou lwe yon apatman

#### LÒT RESOUS ANPLIS

Vil la ofri konsèy finansye gratis pou ede ou fè fas ak dèt ou, amelyore kredi ou, louvri yon kont labank, ak plis ankò. Pou jwenn konsèy finansye gratis, rele 311 epi di, “Financial Counseling” (Konsèy Finansye).



# 03/

**PREPARE**

**POU LANSE**

**BIZNIS OU**



# JESYON FINANSYE BIZNIS

Lanse yon biznis ka mande yon gwo investisman lajan. Anvan ou investi lajan pèsònèl ou, ou dwe gen yon plan solid epi ou dwe sèten biznis la pral rantab.

Li enpòtan pou w estime konbyen lajan ou pral depanse ak rantre pou predi siksè biznis ou an. Li pral ogmante chans ou genyen tou pou w jwenn aksè a finansman, paske pretè yo vle konnen ou pral kapab ranbouse yo atan.

$$\text{REVNI} - \text{DEPANS} = \text{PWOFI}$$

Pou w kòmanse, konsidere twa kesyon annapre la yo:

**1**

### Ki depans mwen gen pou m derape?

Souvan, antreprenè yo manke estime anpil frè ki genyen pou kòmanse yon biznis. Frè sa yo gen ladan depans kouran tankou yon depo sekirite ak lwaye premye mwa a. Men, yo gen ladan tou depans ki parèt mwens akèl, tankou pri konstriksyon ak frè pèmi. Ou kapab sèvi ak Egzèsis 2 sou paj annapre a pou w kòmanse reflechi sou frè pou w derape.

**2**

### Kijan mwen pral evite ratman lajan?

Biznis ou dwe toujou gen lajan disponib pou peye depans ou atann ak depans ou pa atann. Yon egzanp ka montre enpòtans ki genyen nan sa:

Ou louvri yon boulanjri sa gen twa mwa, epi vant yo te ekselan. Avèk pwofi ou, ou decide ranbouse yon gwo pati nan dèt kat kredi ou. Men, yon semèn pita, lè rive pou peye lwaye ak sèvis piblik nan menm moman pi gwo fou ou genyen an sispans mache. Biznis ou gendwa rantab, men ou pa gen lajan kach pou peye bòdwo ou ak kenbe biznis la louvri.

Biznis ou pral fè fas ak bòdwo w atann ak bòdwo ou pa atann. Ou dwe asire ou toujou gen lajan pare pou w peye yo. Kontinye fè egzèsis 3 pou fè pwòp eta woulman lajan ou.

**3**

### Kijan ak kilè mwen pral jenere pwofi?

Yon objektif kle nan chak biznis se pou li vin rantab. Sèten biznis bay pwofi touswit, men dwe gen yon plan pou yo vin rantab. Reflechi sou revni ak depans pou biznis ou an, epi apiye sou fòmil ki anlè a pou w kalkile pwofi ou mwa pa mwa.

#### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou jwenn seminè gratis ki ofri konsèy sou finans biznis, ale nan [nyc.gov/nycbusinesscourses](https://nyc.gov/nycbusinesscourses), klike "Financing and Accounting" (Finansman ak Kontablite), pou jwenn yon seminè "Business Financial Management" (Jesyon Finansye Biznis) ki toupre ou.

## Egzèsis 2

**Estime Lajan ou Bezwen pou w Derape**

Ranpli tablo ki anba a ak konbyen ou estime li pral koute pou w kòmanse. Pou kreye estimasyon ki egzat, chèche pri demaraj biznis ki menm jan ak pa w lan. Asire ou mete depans ou prevwa w ap genyen pandan faz demaraj la sèlman.

Remak: Tablo sa a pa gen tout bagay ladan epi li la sèlman kòm yon pwenjeksyon finansye ou.

Depans Demaraj	Estimasyon Pri	Sous Rechèch
<b>DEPO/ASIRANS</b>		
Depo Lwaye		
Depo pou Sèvis piblik		
Lòt Depo		
Asirans Domaj ak Responsablite		
Lòt Asirans		
Depo/Asirans Sou-Total		
<b>DEPANS KAPITAL</b>		
Konstriksyon ak Remodlaj		
Ekipman ak Machin		
Mèb ak Akseswa		
Envantè		
Teknoloji		
Lòt		
Depans Sou-Total		
<b>DEPANS</b>		
Reklam		
Kontablite ak Frè Legal		
Frè Antrepriz, Pèmi, Taks		
ID Taks Federal		
Founiti Biwo		
Depans Pewòl		
Salè		
Taks Pewòl		
Avantaj		
Pèmi ak Lisans		
Pri Lwaye		
Ansèy		
Antretyen Sitwèb		
Depans Sou-Total		
<b>GRAN TOTAL</b>		

## Egzèsis 3

**Eta Woulman Lajan**

Eta Woulman Lajan an montre lajan ki antre nan biznis la ak kisa ki soti. Li enpòtan anpil pou ou klè nan eta sa a paske lajan dwe disponib pou peye bòdwo yo atan ak pou aktivite toulejou yo.

**Konsèy:**


- ▶ Kòmanse ak revni anlè, epi depans ak ranbousman prè yo annapre.
- ▶ Baze chif ou yo sou rechèch olye ou fè sipozisyon.
- ▶ Balans negatif kouran nan ane 1. Pou kouvri yo ou dwe bay plis lajan kach (pa egzantp prè) oswa diminye depans yo.
- ▶ Ogmantasyon vant yo kapab lakòz lajan ki disponib fini (akòz ogmantasyon pri oswa travay). Konsidere kijan ou pral rezoud sa.

Non Biznis la	Depans Demaraj	Mwa 1	Mwa 2	Mwa 3
<b>A. LAJAN KACH NAN MEN</b> (Kòmansman mwa a)				
<b>B. RESÈT LAJAN</b>				
1. Vant kach				
2. Kolèk lajan apatide Kont Kredi				
3. Prè oswa Lòt enjeksyon lajan				
<b>C. TOTAL LAJAN KI ANTRE</b> (B1+B2+B3)				
<b>D. TOTAL LAJAN DISPONIB</b> (A+C)				
<b>E. LAJAN KI DEPANSE</b>				
1. Acha (Machandiz)				
2. Salè avan Dediksyon				
3. Depans Pewòl				
4. Sèvis lòt moun bay biznis ou an				
5. Founiti (Biwo ap fonksyone)				
6. Reparasyon ak antretyen				
7. Reklam				
8. Machin, Livrezon, ak Vwayaj				
9. Sèvis Pwofesyonèl				
10. Lwaye (Byen imobilye sèlman)				
11. Telefòn				
12. Sèvis Piblik yo				
13. Asirans				
14. Taks				
15. Enterè sou prè				
16. Divès kalite depans (ti depans)				
<b>G. TOTAL LAJAN KI DEPANSE</b>				
<b>H. SITIYASYON LAJAN</b> (D mwens G) Lajan kach ki disponib nan men ou pou mwa annapre a				

# FINANSMAN BIZNIS


Biznis yo ka bezwen lajan deyò pou yo kòmanse, fonksyone, ak devlope. Si ou bezwen finansman, ou dwe konnen toudabò konbyen lajan ou pral bezwen ak poukisa ou bezwen li. Si se yon prè, ou dwe klè tou sou ranbousman an: Konbyen ou pral gen pou w ranbouse? Konbyen tan ou gen pou fè ranbousman an?

Anba a gen kèk sous finansman kouran ak konsèy sou chak nan yo:




### Ekonomi Pèsonèl

Ekonomi pèsonèl se sous finansman ki pi popilè. Men tou, li konekte finans biznis la ak pwòp finans pa ou. Asire ou kreye yon kont labank pou biznis ou an ki apa ak kont pèsonèl ou.




### Zanmi ak fanmi oswa finansman ti montan nan men anpil moun

Rezo ou ka mete fon ansanm epi patisipe nan risk ak avantaj nan yon biznis. Chak moun dwe dakò kilè ranbousman yo pral fèt ak konbyen yo pral ranbouse.



### Pretè ki pa nan fè pwofi

Anjeneral pretè ki pa nan fè pwofi yo ofri ti prè ak kondisyon ranbousman ki rezonab. Yo gendwa menm ofri èd biznis tou. Ou pral bezwen yon plan biznis andetay pou w jwenn yon prè.



### Kat Kredi Biznis

Kat kredi biznis ka pèmèt ou jwenn aksè rapid ak fasil nan lajan. Li enpòtan pou w jwenn enfòmasyon sou opsyon kat kredi ki disponib pou ou. Sèten kondisyon ranbousman ka pi bon pase lòt.



Biznis pafwa manke rapòte revni lajan yo lè y ap deklare taks. Lè ou manke rapòte revni, sa nwi kapasite pou biznis la jwenn finansman paske biznis la parèt li pa rantab. Li gendwa lakòz ankèt gouvènman tou.

# Egzèsis 4

## Etidye Sous Finansman

Egzèsis 2 te bay yon estimasyon depans demaraj biznis ou an. Gade kounye a kijan ou pral peye pou depans sa yo. Tablo ki anba a gen ladan kèk posiblite sous finansman. Li kite espas vid tou pou ou ka ajoute pwòp pa ou.

Konsidere risk ki genyen nan chak sous finansman ki disponib pou ou. Apresa, chwazi epi mete sous ou prevwa ou pral itilize, epi mete montan lajan ki disponib nan chak. Apresa, dekre pwochen aksyon ou dwe pran pou w jwenn finansman sa a. Aksyon sa a kapab rechèch sou entènèt, rele yon zanmi, oubyen vizite yon bank.

Sous Finansman	Montan \$	Aksyon Nesesè
<b>Antreprenè</b>		
Ekonomi Pèsonèl		
Kat kredi pèsonèl		
Fè yon dezyèm djòb		
Retrè nan kont retrèt		
Prè sou Ekite Kay		
<b>Zanmi ak Manm Fanmi</b>		
<b>Enstitisyon finansye/Pretè ki pa nan fè pwofi</b>		
<b>Lòt Sous</b>		
<b>Estimasyon Total Finansman Disponib</b>		

### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou jwenn èd pou jwenn aksè finansman, pou kontakte yon Manadjè Kont SBS ale nan [nyc.gov/businesssolutions](https://nyc.gov/businesssolutions) epi klike "CONTACT" (KONTAK).

Manadjè Kont lan pral gide w nan chak etap pwosesis prè a epi konekte ou ak envèstisè ki apwopriye a.

# ESTRIKTIRE BIZNIS OU

Yon desizyon byen bonè chak antreprenè dwe pran se kijan pou estriktire biznis la pi byen. Chwa yon estrikti ki bon pou biznis ou depann sou anpil faktè:

- Vizyon ou pou kisa biznis la ye ak gwochè li
- Kimoun ou vle k ap pran desizyon nan biznis ou
- Nivo risk legal ou aksepte pran
- Kijan epi kilè ou vle peye depans estrikti pou frè legal ak/oswa taks
- Pwofi oswa pèt ou prevwa nan biznis la, epi itilizasyon ou prevwa pou benefis yo
- Kantite efò ou prèt pou w fè pou w fòme ak kenbe estrikti a



Èske w ap kòmanse yon biznis avèk yon patnè? Patenarya ki gen siksè prevwa difikilite epi yo kreye **akò patenarya** davans pou ede yo rezoud yo. Kèk kesyon yon akò patenarya dwe reponn se:

- ▶ Kisa chak patnè ap investsi?
- ▶ Kisa devwa chak patnè ye?
- ▶ Kijan ou pral rezoud konfli yo?
- ▶ Kisa k ap pase lè yon patnè wete kò li?

Annape la a gen enfòmasyon sou kèk estrikti biznis:

(Pou jwenn plis detay, oswa plis enfòmasyon, konsilte yon avoka)

## ANTREPRIZ ENDIVIDYÈL

Yon sèl moun pran responsablite tout byen ak dèt biznis la anba pwòp non li. Yon pakèt ti biznis kòmanse kòm antrepriz endividyèl.

### AVANTAJ: +

Yo pi fasil ak mwen chè pou òganize. Pa gen soumisyon piblik ni frè legal obligatwa, epi pwofi yo takse sèlman kòm yon pati nan taks sou revni pèsònèl pwopriyete a.

### DEZAVANTAJ: -

Yo mete responsablite san limit ak dirèk biznis la sou yon sèl moun, pwopriyete a. Pwopriyete yo ka gen pwoblèm pou jwenn finansman biznis tou.

## SOSYETE RESPONSABLITE LIMITE (LLC)

Yon estrikti biznis ki limite responsablite tankou yon sosyete men ofri fleksibilite ak benefis taks ki genyen nan yon patenarya. Yo te kreye li pou ede ti biznis yo.

### AVANTAJ: +

Responsablite rete nan limit investisman chak manm LLC a nan konpayi an. Manm yo gen opsyon pou chwazi fason yo pral takse ak jere.

### DEZAVANTAJ: -

Pou tabli yon LLC, sa mande pou depoze dokiman ak frè nan Eta New York. Pwopriyete biznis yo ka peye yon avoka pou ede yo ak dokiman sa yo. Souvan, LLC yo gen akò eksplwatasyon ak sistèm deklarasyon taks ki pi konplike pase gwo konpayi anonim yo.



## LÒT RESOUS ANPLIS

Pou w jwenn èd pwofesyonèl pou w chwazi yon estrikti biznis, kontakte yon Manadjè Kont SBS. Ale nan [nyc.gov/businesssolutions](http://nyc.gov/businesssolutions) epi klike "CONTACT" (KONTAK).





### PATENARYA JENERAL

De oswa plizyè moun pataje pwopriyete yon sèl biznis. Tankou pwopriyete endividyèl yo, lalwa pa fè distenksyon ant biznis la ak pwopriyete yo.

#### AVANTAJ:



Yo pi fasil ak mwen chè pou òganize. Pa gen depo piblik oswa frè legal obligatwa, epi pwofi yo takse sèlman kòm yon pati nan taks sou revni pèsoneèl pwopriyete a.

#### DEZAVANTAJ:



Toude patnè yo responsab pèsoneèlman pou dèt biznis la. Souvan patnè yo pa prevwa difikilite pèsoneèl oswa pwofesyonèl ki kraze relasyon yo. Pou ekri yon akò patenarya ki prevwa difikilite sa yo, sa kapab mande pou peye yon avoka.

### PATENARYA LIMITE

Yon antite legal ki kreye pa de oubyen plizyè pwopriyete biznis ki gen limit responsablite ki rete nan montan yo chak envesti. Omwen yon pwopriyete pran desizyon biznis epi responsab pèsoneèlman pou dèt biznis yo.

#### AVANTAJ:



Omwen yon patnè gen kontwòl sou desizyon ak operasyon biznis yo. Pwofi yo takse sèlman kòm yon pati nan deklarasyon revni pèsoneèl patnè yo. Estrikti fòmèl la kapab ajoute kredibilite pou yon biznis k ap chèche yon prè.

#### DEZAVANTAJ:



Omwen yon patnè responsab pèsoneèlman pou dèt biznis la. Pou ekri ni dokiman fòmasyon an ni yon akò patenarya, sa kapab mande pou peye yon avoka. Souvan patnè yo pa prevwa difikilite pèsoneèl oswa pwofesyonèl ki sispann relasyon yo.

### PATENARYA RESPONSABLITE LIMITE

Yon antite legal ki kreye pa de (2) oubyen plizyè pwopriyete biznis ki gen limit responsablite ki rete nan montan yo chak envesti. Okenn nan pwopriyete yo pa pran desizyon biznis epi yo pa responsab pèsoneèlman pou dèt biznis la.

#### AVANTAJ:



Tout pwopriyete yo pwoteje pèsoneèlman kont dèt biznis la. Pwofi yo takse sèlman kòm yon pati nan deklarasyon revni pèsoneèl patnè yo. Estrikti fòmèl la kapab ajoute kredibilite pou yon biznis k ap chèche yon prè.

#### DEZAVANTAJ:



Pwopriyete yo gen tikras kontwòl sou desizyon ak operasyon biznis yo. Pou ekri ni dokiman fòmasyon an ni yon akò patenarya, sa kapab mande pou peye yon avoka. Souvan patnè yo pa prevwa difikilite pèsoneèl oswa pwofesyonèl ki kraze relasyon yo.

### SOSYETE "C"

Yon enstitisyon legal ke yo ka takse, fè pwosè, ak fè kontra. Prèske tout gwo sosyete ki gen plis pase 100 aksyonè yo se sosyete C.

#### AVANTAJ:



Limit responsablite chak aksyonè rete nan montan li te envesti. Souvan sosyete kapital-risk yo prefere sosyete C akòz aranjanman pwopriyete yo ki fleksib.

#### DEZAVANTAJ:



Pou fòme yon sosyete sa mande anpil depo dokiman ak frè. Anpil pwopriyete biznis peye yon avoka tou pou ede yo ak dokiman yo. Li mete plis restriksyon sou kapasite fondatè a (yo) pou pran desizyon. Yo takse pwofi yo ni sou sosyete a ni sou aksyonè yo ankò.

### SOSYETE "S"

Yon enstitisyon legal ke yo ka takse, fè pwosè, ak fè kontra. Kontrèman ak sosyete C yo, biznis la pa ka gen plis pase 100 aksyonè.

#### AVANTAJ:



Limit responsablite chak aksyonè rete nan montan li te envesti. Yo takse pwofi yo sou aksyonè yo sèlman.

#### DEZAVANTAJ:



Pou fòme yon sosyete, sa mande soumision anpil dokiman ak frè. Anpil pwopriyete biznis peye yon avoka tou pou ede yo ak dokiman yo. Li mete plis restriksyon sou kapasite fondatè a (yo) pou pran desizyon.

### KOPERATIV TRAVAYÈ

Yon biznis posede ak jere pa anplwaye li yo. Travayè-pwopriyete yo pataje pwofi ak benefis koperativ la pwodwi.

#### AVANTAJ:



Estrikti demokratik la bay chak anplwaye yon patisipasyon vwa ak pwopriyete nan biznis la. Sa kapab ankouraje pi gwo pwodiktivite ak mwens transfè anplwaye. Pwofi yo takse sèlman kòm yon pati nan deklarasyon revni pèsoneèl travayè-pwopriyete yo.

#### DEZAVANTAJ:



Koperativ travayè ka gen pwoblèm pou jwenn finansman. Envestisè yo gendwa pa abitye avèk estrikti a epi yo gen enkyetid pou ranbousman.



## ANPLASMAN BIZNIS LA

Anplasan biznis la enpòtan anpil pou siksè li. Anvan ou chwazi yon anplasan, konsidere sa ki annapre la yo:

### Pre-Planifikasyon

Kreye yon lis pou sa biznis ou an bezwen nan yon espas, tankou dimansyon an mètr kare, sèvis piblik, ak enstalasyon. Mete yo nan lòd dapre sa ki gen plis priorite.

### Egzamine Katye a

Pale ak lokatè, koutye, ak òganizasyon devlopman kominotè yo.

- ▶ Èske kominote an pral akeyi kalite biznis ou an?
- ▶ Èske gen konkiran ki toupre?

### Konnen Règleman yo

Asire kè espas la gen yon Sètifika Okipasyon. Chèche konprann Restriksyon Zonaj yo.

- ▶ Èske anplasan an apwouve pou itilizasyon komèsyal pou kalite biznis ou an?
- ▶ Sèvi ak **LÒT RESOUS ANPLIS** nan fen paj sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou Sètifika Okipasyon yo ak Restriksyon Zonaj yo.

### Vizite Anplasan an Pèsònèlman

Konfime deskripsyon pwopriyete oswa koutye a bay pou anplasan an egzat.

- ▶ Èske eta ak amenajman anplasan an koresponn ak bezwen biznis ou an?
- ▶ Konbyen moun ki pase bòkote biznis la an mwayèn nan yon jounen?

### Konfime Pwopriyete a

Èske moun k ap lwe anplasan an se pwopriyete lejitim? Èske moun nan an règ? Ou ka konfime idantite pwopriyete a ak enfòmasyon pwopriyete a nan [nyc.gov/citymap](http://nyc.gov/citymap).

#### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou tcheke Sètifika Okipasyon yon pwopriyete, ale nan [nyc.gov/buildings](http://nyc.gov/buildings) epi mete adrès la nan “**Buildings Information**” (**Enfòmasyon sou Bilding**). Epi ou kapab chèche konnen si yon pwopriyete oswa lokatè gen vyolasyon aktif.

Pou verifye restriksyon zonaj yon pwopriyete, ale [nyc.gov/zoning](http://nyc.gov/zoning), epi mete adrès la nan “**Find Your Zoning**” (**Jwenn Zonaj Ou**).



Yon “good guy guarantee” (**garanti bon moun**) ka retire reponsablite sou do lokatè pou yon anplasan si yo chwazi mete fen nan kontra-lwaye a bonè.

Sadepan sou lokatè a ki respekte obligasyon garanti a. Anjeneral sa gen ladan kite anplasan li lwe a nan bon eta.

## LOKASYON KOMÈSYAL

Avan tout bagay, dwa yon lokatè komèsyal deside dapre kontra-lwaye a. Ti ekriti piti yo nan yon kontra-lwaye ka gen gwo konsekans, kidonk rezève tan pou w prepare anvan ou negosye youn. Annapre la w ap jwenn kèk konsèy sou “**sa pou fè**” ak “**sa pou pa fè**” nan pwosesis sa a:

### SA POU FÈ



- ✔ Travay ansanm ak yon avoka ki te deja konseye lokatè ti biznis nan Vil New York. Pou tcheke kalifikasyon yon avoka, ale nan [nycourts.gov](http://nycourts.gov), oswa rele 212.428.2800.
- ✔ Negosye yon kondisyon kontra-lwaye ki garanti opsyon pou renouvle.
- ✔ Negosye yon “**garanti bon moun**” pou diminye reponsablite ou anka ke biznis la echwe.
- ✔ Prevwa komplikasyon ak tan preparasyon lè w ap deside dat kòmansman dire kontra-lwaye.
- ✔ Klarifye kimoun ki responsab pou chak depans ak reponsablite pou anplasan an.

### SA POU PA FÈ



- ✘ Fè yon antant konfyans aloral, yon lèt dentansyon, oswa yon “kontra-lwaye nòmal”. Sa yo ka anfavè pwopriyete a anpil.
- ✘ Siyen kontra-lwaye a nan pwòp non pa ou san kondisyon.
- ✘ Fè pwopriyete a konfyans pou konnen itilizasyon ki otorize ak restriksyon ki genyen pou anplasan an.
- ✘ Espere pou pwopriyete a oblije fè reparasyon oswa bay chofaj, dlo, elektrisite, oswa lòt sèvis piblik gratis.

#### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lokasyon komèsyal, ale nan semènè gratis SBS, “**Signing a Commercial Lease: What You Need to Know**” (**Siyen yon Kontra-Lwaye Komèsyal: Sa Ou Dwe Konnen**). Ale nan [nyc.gov/nycbusinesscourses](http://nyc.gov/nycbusinesscourses), klike “**Business Planning and Operations Courses**” (**Klas sou Planifikasyon ak Operasyon Biznis**) pou w jwenn yon semènè ki toupre ou.

Pou w egzamine yon kontra-lwaye komèsyal ak yon avoka pro bono (gratis), kontakte yon Manadjè Kont SBS. Ale nan [nyc.gov/businesssolutions](http://nyc.gov/businesssolutions) epi klike “**CONTACT**” (**KONTAK**).





## FASON POU JWENN DIREKSYON NAN GOUVÈNMAN AN: PÈMI AK LISANS

Li ka difisil pou anpil pwopriyetè biznis swiv règ gouvènman an pou biznis. Men, avèk bon enfòmasyon, ou ka pase mwens tan pou eseye respekte lalwa ak plis tan ap okipe biznis ou. Konsèy ak resous yo ki anba a ka ede w evite vyolasyon anvan yo rive.

## PREPARE POU LOUVRI

- ▶ **Anrejistre Biznis ou**  
Pwopriyetè endividyèl ak patenarya jeneral yo anrejistre nan Konte pa yo. LLC yo, gwo sosyete anonim yo, ak patenarya responsablite limite yo anrejistre nan Eta New York. Aprann fason pou enskri nan seksyon **LÒT RESOUS ANPLIS** ki anba a.
- ▶ **Jwenn idantifikasyon biznis**  
Aplike pou yon ID Taks Komèsyal nan [on.nyc.gov/taxid](https://on.nyc.gov/taxid) pou ou vann pwodwi ak sèvis. Aprann si ou bezwen aplike pou yon Nimewo Idantifikasyon Anplwayè (EIN) nan [on.nyc.gov/ein](https://on.nyc.gov/ein).
- ▶ **Chèche konnen kondisyon kalite biznis ou an dwe respekte**  
Asire oumenm ak anplwaye ou yo gen tout pèmi yo ak lisans biznis ou an bezwen. Ale nan seksyon **LÒT RESOUS ANPLIS** ki anba a pou jwenn plis enfòmasyon.
- ▶ **Konsilte yon pwofesyonèl ki gen lisans pou egzaminen anplasman ou an**  
Si anplasman an bezwen konstriksyon, Vil la bezwen konnen plan ou yo. Se pwofesyonèl ki gen lisans sèlman ki ka soumèt plan sa yo onon ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis pou jwenn pèmi, ale nan [nyc.gov/buildings](https://nyc.gov/buildings) epi chèche, “How to obtain a permit”, (Kijan yo jwenn yon pèmi) epi klike sou lyen ki gen tit sa.
- ▶ **Respekte tout lwa sou travay**  
Anplwayè gen anpil responsablite anvwè anplwaye yo anplisde salè minimòm. Jwenn plis enfòmasyon nan [on.nyc.gov/wages](https://on.nyc.gov/wages).

### LÒT RESOUS ANPLIS

Si ou gen lentansyon pou demare yon biznis, gen resous gratis sou chak pati nan pwosesis anrejistreman, pèmi, ak lisans. Sa a gen ladan yon sondaj ki pral bay ou yon lis pèsonalize sou kondisyon pou biznis ou an preziman. Ale nan [nyc.gov/business](https://nyc.gov/business), epi klike sou “Start a Business” (kòmanse yon biznis) pou jwenn plis enfòmasyon.



## RETE LOUVRI

- ▶ **Respekte règleman sanitasyon**  
Byen soti fatra ou nan bon moman pou yo pran yo. Afiche etikèt konpanyi pou transpò fatra ou. Pou jwenn plis enfòmasyon ale nan [nyc.gov/business](https://nyc.gov/business) epi chèche, “Recycling and waste removal” (Resikalaj ak eliminasyon dechè), epi klike sou lyen ki gen tit sa.
- ▶ **Kenbe twotwa a pwòp san bagay sou li**  
Ou dwe netwaye twotwa ou ak premye 1.5 pye nan lari a. Ou pa ka gen pano sou twotwa. Pou jwenn plis enfòmasyon ale nan [nyc.gov/business](https://nyc.gov/business) epi chèche, “Sidewalks” (Twotwa).
- ▶ **Afiche pri, metòd peman, ak règleman ranbousman**  
Mete etikèt sou tout pwodwi yo ak pri yo. Afiche pano ki di akèl règleman ou pou kat kredi ak ranbousman. Jwenn plis enfòmasyon sou règleman sa yo ak lòt bagay chak biznis dwe konnen nan [on.nyc.gov/10things](https://on.nyc.gov/10things).
- ▶ **Rezoud plent kliyan yo**  
Vil la pral kontakte w si yon kliyan soumèt yon plent. Ou dwe reponn epi kolabore avèk Vil la pou rezoud li. Pou jwenn plis enfòmasyon ale nan [nyc.gov/business](https://nyc.gov/business), chèche, “Business Licensing and Complaint History” (Lisans Biznis ak Istwa Plent), epi klike sou lyen ki gen tit sa.
- ▶ **Jere vyolasyon ak peye amann**  
Pa rete tann pou w rezoud yon vyolasyon. Lè w pa reponn, sa ka lakòz amann anplis. Ale nan seksyon **LÒT RESOUS ANPLIS** pou w aprann fason pou w resevwa yon konsiltasyon pèsonèl sou règleman ak vyolasyon yo.

### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou konsèy pèsonèl sou règleman biznis, Manadjè Kliyan SBS yo ka ede w gratis. Veye yon imèl nan [businesshelp@sbs.nyc.gov](mailto:businesshelp@sbs.nyc.gov), oswa rele 212.618.8810 pou w pran yon randevou.

Si ou posede yon biznis, ou ka resevwa yon konsiltasyon pèsonèl pou evite ak rezoud vyolasyon. Konsiltasyon an gratis epi yo bay li nan anplasman biznis ou. Ale nan [nyc.gov/nbat](https://nyc.gov/nbat), epi klike sou “Schedule a Visit” (Pwogram yon Vizit), oswa veye yon imèl nan [businesshelp@sbs.nyc.gov](mailto:businesshelp@sbs.nyc.gov) pou w mande youn.


**04 /**

**PLANIFIKASYON**

**POU BIZNIS**

**LAN DEVLOPE**






## LI ENPÒTAN POU BAY BIZNIS OU YON MAK

Kliyan yo pi plis pase konsomatè ki bezwen machandiz ak sèvis. Yo se moun ki gen valè ak kwayans, epi y ap chache biznis ki pataje prensip pa yo.

Yon bon **mak** jwenn avantaj nan sa. Yon mak se idantite piblik biznis ou an epi li kominike kliyan yo valè fondamantal biznis ou a, se pa

aparans li sèlman. Lè ou defini idantite sa a ak panse ak objektif, ou defini sa moun pral di sou biznis ou an.

Lè ou kreye yon mak solid, ou kreye pi bon koneksyon ak kliyan ou yo. Pi bon koneksyon vle di yo pral rakonte eksperyans ki pi pozitif sou biznis ou an.



### Non Biznis lan

Non yon biznis, se konsa moun yo pral rele biznis ou an. Gen faktè ki fè yon non gen siksè, ki gen ladan: →

### Logo

Anpil kliyan rekonèt yon biznis grasa logo li. Desen logo ki gen siksè yo: →

## PRENSIP DEBAZ YON MAK

Gen eleman komen ant tout mak ki gen siksè. Li enpòtan anpil pou gen yon non biznis ak logo ki klè ak san parèy. Konsidere konsèy ki anba la a, lè w ap etidye yon non ak logo pou biznis ou an.

#### ► Deskriptif

Non ou an dwe montre kisa ki gen nan biznis ou an.

#### ► Aliye ak Imaj Biznis la

Non ou an dwe montre valè fondamantal biznis ou an.

#### ► Sektè Aktivite

Non ou an dwe koresponn ak langaj nan sektè aktivite ou, men fè distenksyon ant biznis ou ak konkiran yo.

#### ► Aksesib

Kliyan ou yo dwe jwenn non biznis ou an akeyan ak fasil pou sonje.

#### ► Repezantatif

Mete sèlman desen ak koulè ki montre yon pati enpòtan nan biznis ou an.

#### ► San parèy

Ajoute karakteristik diferan dekwa pou kliyan pa konfonn ou ak yon lòt logo.

#### ► Senp

Twòp karakteristik kapab kache mesaj debaz logo ou an. Evite desen ki itilize tandans ki anpasan.

#### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou jwenn seminè gratis ki ofri yon entwodiksyon sou maketing biznis, ale nan [nyc.gov/nycbusinesscourses](https://nyc.gov/nycbusinesscourses), klike sou “Marketing and Technology” (Marketing and Teknoloji), pou jwenn yon seminè “Marketing 101” (Marketing 101) ki toupre ou.

Pou tcheke si yon non biznis deja anrejistre nan Eta New York ale nan [dos.ny.gov/corps/bus\\_entity\\_search.html](https://dos.ny.gov/corps/bus_entity_search.html).

# Egzèsis 5

## Konnen Odyans Ou ak Defini Mak Ou

Biznis yo ka kontinye konstwi mak yo apre yo fin chwazi yon non ak logo. Pou w jwenn fidelite kliyan yo, mak yo dwe konvenk kliyan yo ke biznis la pataje valè pa yo. Fidelite mak sa a ka jenere plis vant ak mete mak ou an plis an valè.

Kesyon yo ki anba a ka ede w defini pwòp mak pa ou. Yo bay egzanp repons yo premyèman pou gide ou. Apresa, yo kite espas pou w ranpli ak pwòp repons pa ou.

### ▶ EGZÈSIS REFLEKSYON

Reflechi sou yon biznis ki gen mak ou renmen. Kisa ou apresye nan biznis la? Kijan li distenge li de konkiran yo? Konsidere valè, kalite, karaktè san parèy, ak fasilite pou n sèvi ak pwodui yo.

Konpare repons ou pou kesyon sa yo ak kesyon ki anba yo, lè w ap defini mak ou.

### 1/ Ki kliyan ou vize?

Konsidere revni, laj, sèks, gwoup etnik, lang yo pale, eta sivil, okipasyon, ak enterè pèsonèl nan kominote ou vize a.

*“Pou biznis gadri mwen an, mwen vle rive jwenn fanmi k ap travay ki abite toupre Nostrand Avenue nan nò Myrtle Avenue nan Bedford Stuyvesant. Plis pase 70% lokatè yo se fanmi yo ye. Plis pase 5% nan tout rezidan yo gen laj preskolè. Sa se youn nan pousantaj ki pi gwo nan tout Brooklyn. Mwayèn revni kay yo ant \$20,000 ak \$30,000, epi katye a an majorite Latino. Pifò nan kay yo pale Panyòl nan kay la.”*

### 2/ Kisa ki youn nan bezwen enpòtan pwodwi oswa sèvis ou an satisfè?

*“Mwen te pale ak anpil nan fanmi yo nan katye sa a. Yo te di gen yon bezwen gadri bon jan kalite ki nan mezi pòch moun nan kominote a.”*

1

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

2

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

### 3/ Kisa kliyan ou vize a bay plis valè nan pwodwi oswa sèvis sa a?

*“Fanmi mwen vize yo apresye gadri ki anseye timoun yo ladrès esansyèl nan lang ak matematik ki adapte pou bezwen timoun yo. Yo vle anplwaye ki kominike regilyèman pwogrè pitit yo. Epiou, yo vle gadri ki rete louvri ta epi ki ka adapte yo pou lè travay pa yo.”*

3

---

---

---

---

---

## DEFINI MAK OU AN

### 4/ Ki valè fondamantal ki fè biznis ou an mache?

Konsidere valè, kalite, karaktè san parèy, ak fasilite poun sèvi ak pwodui oswa sèvis ou.

*“Valè fondamantal mwen se fyabilite, kalite, ak valè. Premyèman, mwen vle fanmi yo fè anplwaye mwen konfyans pou okipe pitit yo. Dezyèmman, mwen vle demontré yo ke nou itilize devlopman ki pi resan yo nan edikasyon pou timoun piti. Twazyèmman, mwen vle kenbe yon pri ki nan mezi pòch kominote a.”*

4

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

### 5/ Kijan ou pral kominike kliyan ou vize yo valè fondamantal sa yo?

*“Pou kominike valè sa yo mwen pral mete gwo espwa pou sa paran yo dwe atann. Apresa nou pral reponn chak atant ak resous e anplwaye ekselan. Mwen pral sèvi kòm gid kliyan ka fè konfyans pou resous gadri deyò limit biznis mwen an, ki gen ladan pedyat ak bòn timoun ki serye. Anplwaye mwen yo ak mwenmenm pral pran tan chak jou tou pou pale avèk paran yo. Nou pral reponn a bezwen ak enkyetid yo chak prezizeman, epi nou pral eksplike kijan nou gen yon enpak pozitif sou pitit yo chak fwa yo rive.”*

5

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

### 6/ Kijan mesaj sa a pral ranfòse distenksyon ant oumenm ak konkiran yo?

*“Nou pral distenge biznis nou an grasa resous edikatif adapte a bezwen chak timoun, anplwaye ki byen antrene, ak kominikasyon fran e sensè avèk paran yo. Nou pral sèvi ak resous e fòmasyon anplwaye pi resan yo nan edikasyon pou timoun piti epi eksplike valè yo. Nou pral anboche anplwaye ki pale de lang ki pral anseye timoun yo konpetans lang nan ni Anglè ni Panyòl. Nou pral garanti yon kowefisyan 8 timoun pou chak anplwaye omaksimòm. Nou pral fè akèy anplwaye-paran regilyèman pou eksplike pwogrè chak timoun, aprann enkyetid yo, ak reyaji si bezwen yo chanje.”*

6

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## Èske Ou Te Konnen?

Konsomatè òdinè bezwen tande oswa wè yon mesaj omwen sèt fwa anvan yo chwazi sèvi ak yon pwodwi oswa sèvis.

### Reklam

Reklam se fason pifò kliyan rankontre biznis yo pou premye fwa. Li dwe pwodwi rezilta rapid ak plis vant rapidman. Men, li chèt, kidonk li enpòtan pou konnen bay kimoun w ap vann ak kijan ou ka rive jwenn yo.

Konsidere posiblite reklam annapre la yo: →

### Piblisite

Piblisite vle di istwa medya sou biznis yo san sa pa koute biznis yo anyen. Sa se yon zouti pou ni nouvo biznis ni biznis ki egziste deja.

Konsidere posiblite reklam annapre la yo: →

# KONSTWI BWAT ZOUTI MAKETING OU

Yon non ak logo tabli mesaj biznis ou a, men tou ou dwe fè mesaj sa a pase. Sa mande pou estrateji maketing. Estrateji ou itilize yo depann sou bezwen biznis ou an.

Tout bwat zouti maketing solid gen ladan yon melanj reklam, piblisite, ak estrateji pou fè pwomosyon.

#### ► Depliyon

Ou ka distribye feyè evènman rezo salon pwofesyonèl. Yo fasil pou kreye epi yo pa chè.

#### ► Jounal

Jounal ofri yon espas piblisite yon sèl-jou pou divès bidjè. Yo ka ede biznis rive jwenn sèten katye ak kominote.

#### ► Radyo

Radyo rive nan gwo odyans e yo ofri tarif pi bon mache pase anons ekri oswa nan televizyon. Si kliyan ou vize yo koute radyo, anons nan radyo gendwa yon opsyon ki efikas.

#### ► Entènèt ak Medya Sosyal

Itilizasyon entènèt ak medya sosyal se yon gwo fason gratis pou fè piblisite biznis ou. Kontinye nan pwochen Seksyon an, **TEKNOLOJI**, pou jwenn plis enfòmasyon sou itilizasyon zouti sa yo.

#### ► Repòtaj

Jounal, radyo, ak estasyon televizyon gendwa prezante yon biznis si ou gen yon wòl san parèt nan kominote a.

#### ► Nòt pou Laprès


Medya pran nòt pou laprès nan men biznis yo si yo ede kreye nouvel entèresan.

#### ► Konkou

Biznis yo kapab kreye pwòp evènman pa yo tou ak prim. Medya 2 lokal yo ka transfòme evènman sa yo fè yo vin nouvel tou.

#### ► Rekonesans Kominotè

Souvan òganizasyon kominotè yo vle biznis lokal yo bay pwodwi oswa sèvis pou evènman yo. Sa bay ou menm ak òganizasyon an vizibilite.



## Èske Ou Te Konnen?

Yon ti pousantaj kliyan itilize kupon enprime. An mwayèn, kliyan yo sèvi ak kupon yo wè nan jounal nan 1-5% nan ka sa yo. Kliyan yo sèvi ak pake kupon nan magazin, pa lapòs, oswa nan biznis mwens pase 10% nan ka yo.

### Pwomosyon

Sèten biznis vann menm pwodwi oswa sèvis nan mache a depi plizyè deseni. Kijan yo fè sa? Aktivite pwomosyon se yon fason. Yo koute mwens lajan epi yo ka adapte a bezwen yon biznis ka genyen.

Konsidere posiblite reklam annapre la yo: →

#### ► Prim

Prim yo se sèvis oswa pwodwi ajoute ke kliyan yo pa espere resewa nan men biznis ou. Chwazi atik ki gen valè klè pou kliyan ou yo.

#### ► Kupon

Kupon diminye pri machandiz ak sèvis yo pou ankouraje kliyan yo achte plis.

#### ► Demonstrasyon

Demonstrasyon yo pèmèt kliyan yo eseye yon pwodwi oswa sèvis anvan yo achte li. Anpil kliyan bezwen wè valè yon pwodwi.

#### ► Rezo

Opsyon pi bon mache ak pi rapid se pou moun ankouraje zanmi yo ak pou fanmi yo achte nan biznis ou. Ou ka fè aktivite pou ankouraje sa. Vizite chanm komès yo, asosyasyon komèsan, ak evènman kominotè pou pale sou biznis ou.

#### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou jwenn plis ed ak estrateji maketing, ale nan seminè gratis SBS, “**Mastering Marketing**” (**Metrize Marketing**). Ale nan [nyc.gov/nycbusinesscourses](https://nyc.gov/nycbusinesscourses), epi klike sou “**Marketing and Technology**” (**Maketing and Teknoloji**) pou jwenn yon seminè ki toupre ou.

# Egzèsis 6

## Bay Estrateji Maketing Priyorite

### Etap: 1 →

Klase chak opsyon maketing dapre nivo priyorite li pou biznis ou (**1 reprezante pi gwo priyorite, epi 4 reprezante pi piti priyorite**).

Sèvi ak kesyon annapre la yo pou ede w detèmine priyorite yo.

- ▶ Èske metòd sa a rive jwenn e fè enpak sou kliyan mwens vize yo?
- ▶ Konbyen moun sa a pral rive jwenn, epi ki kantite vant li pra jenere?
- ▶ Èske benefis li pote vo lapèn pa rapò ak sa li koute?

### Etap: 2 →


Chwazi yon sèl opsyon maketing nan chak kategori, epi kreye yon lide pou li.

- ▶ Kisa ou vle estrateji maketing sa a akonpli?
- ▶ Kisa estrateji lan di kliyan ki posib yo?

Opsyon Reklam	Priyorite (1   4)	Lide pou Reklam
1. Entènèt/Medya Sosyal		
2. Depliyon		
3. Jounal		
4. Radyo		
Opsyon Piblisite	Priyorite (1   4)	Lide pou Reklam
1. Repòtaj		
2. Nòt pou Laprès		
3. Rekonesans Kominotè		
4. Konkou		
Opsyon Pwomosyon	Priyorite (1   4)	Lide pou Reklam
1. Prim		
2. Koupon		
3. Demonstrasyon		
4. Rezo		







## TEKNOLOJI

Teknoloji se yon zouti enpòtan anpil pou ti biznis yo ogmante vant yo ak diminye depans. Genyen yon kantite zouti bon mache k ap ogmante de jou an jou ki disponib pou nenpòt ti biznis. Pou vin abitye avèk chak, sa mande tan ak efò, men li vo lapèn. Li ka mete an valè biznis ou an pa rapò ak konkiran ou yo.

### Pou Kòmanse

Pou kòmanse, asire ou abitye avèk teknoloji annapre la yo.

Sa yo enpòtan anpil →

#### ► Navigasyon Entènèt

Entènèt pèmèt òdinatè toupatou nan lemond pataje enfòmasyon. Moun sèvi ak entènèt pou imèl, nouvèl, fè acha, sosyalize, fè rechèch sou pwodwi/sèvis ak plis ankò.

#### ► Imèl

Imèl se yon fason yo voye mesaj alèd entènèt. Nenpòt ki moun ka kreye yon adrès imèl gratis pou voye ak resevwa imèl.

#### ► Microsoft Office

Microsoft Office se yon seri pwogram òdinatè ki pèmèt itilizatè yo anrejistre ak pataje enfòmasyon. Ou kapab tape dokiman, fè kalkil, kreye prezantasyon, ak plis ankò.

#### ► Medya Sosyal


Anpil itilizatè òdinatè ak telefòn selilè pase yon pakèt tan sou entènèt ap sèvi avèk sit medya sosyal tankou Facebook ak Twitter. Itilizatè medya sosyal yo pataje tèks, foto, videyo, e plis ankò avèk piblik la oswa “zanmi” yo presizeman.

#### ► Enfòmasyon nan Nyaj

Enfòmasyon nan nyaj anrejistre dokiman, foto, videyo, ak plis ankò sou entènèt alaplas yon òdinatè. Ou ka pwoteje ak pataje byen fasil enfòmasyon sa yo sou nwaj la.

#### LÒT RESOUS ANPLIS

Bibliyotèk piblik yo ofri klas yo pou jwenn plis èd avèk nenpòt nan teknoloji sa yo. Ale nan [nyp.org/events/classes/other-orgs](http://nyp.org/events/classes/other-orgs) pou jwenn yon òganizasyon k ap òganize yon klas òdinatè ki toupre ou.



Anpil itilizatè entènèt jwenn sitwèb biznis yo grasa motè rechèch tankou Google. Gen de fason moun itilize anpil pou fè pwomosyon komès nan yo.

- ▶ Youn nan opsyon yo se anboche yon moun ki kapab kreye sitwèb ou pou li parèt pi souvan nan rezilta rechèch yo.
- ▶ Yon opsyon ki pi fasil men ki pi chè se peye motè rechèch la pou li bay sitwèb ou an preferans nan rezilta rechèch yo.

## KONSTWI SITWÈB OU

Sitwèb yo se yon kanal nòmal pou biznis Ozetazini jodi a. Si kliyan yo pa wè yon sit sitwèb pou biznis ou an, yo ka poze tèt yo kesyon èske li egziste oswa èske li legal.

Prevw a pou sitwèb biznis ou an reprezante yon lòt pati nan zouti maketing ou. Tout sa ou mete sou sitwèb ou dwe gen yon objektif. Li dwe klè ak fasil pou navige ladan tou.


Konsidere sa ki annapre la yo pou sitwèb biznis ou:

- ▶ **Mak**  
Asire desen ak koulè li koresponn ak mak jeneral biznis ou an.
- ▶ **Kontni Aktyèl**  
Kreye kontni k ap rete egzat avèk le tan. Egzaminen sit la regilyèman pou asire li ajou ak akeyan pou vizitè yo.
- ▶ **Sit Konparab**  
Gade sitwèb biznis ki menm jan pou w anvizaje fason sitwèb ou an ka pi bon ak atire atansyon.
- ▶ **Anboche Èd**  
Li kapab vo lapèn pou w anboche yon pwofesyonèl pou kreye sitwèb ou si ou pa gen eksperyans pou sa. Chèche pwofesyonèl ke rezo ou oswa kòmantè endepandan rekòmande. Sa kapab vin yon depans inisyal ki gen valè alontèm.
- ▶ **Fè li poukont ou**  
Si ou alèz nan òdinatè, ou ka sèvi ak yon “kreyatè sitwèb” pou kreye yon sitwèb poukont ou.

### LÒT RESOUS ANPLIS

Pou aprann fason pou kreye yon sitwèb pou biznis oswa fason pou sèvi ak medya sosyal, ale nan seminè SBS gratis, “Website Fundamentals” (Prensip debaz Sitwèb) oswa “Social Media Fundamentals” (Prensip debaz Medya Sosyal). Ale nan [nyc.gov/businesscourses](http://nyc.gov/businesscourses), epi klike sou “Marketing and Technology Courses” (Klas sou Maketing ak Teknoloji) pou w jwenn seminè ki toupre ou.

Pou kòmanse aprann sou maketing nan imèl, medya sosyal, ak lòt teknoloji pou ti biznis yo, SBS gen yon Bibliyotèk sou Entènèt pou Biznis nan [nyc.gov/html/sbs/nycbiz/html/library/library.shtml](http://nyc.gov/html/sbs/nycbiz/html/library/library.shtml).



## MEDYA SOSYAL

Medya sosyal transfòme maketing pou ti biznis yo. Li ofri plizyè fason pou vize ak rive jwenn kliyan yo. Chèche konnen ki medya sosyal kliyan ou vize yo itilize epi kreye yon kont pou biznis ou. Twa nan sitwèb medya sosyal moun konnen pi byen se:



### Facebook

Yon sitwèb ki pèmèt itilizatè yo pataje enfòmasyon ak zanmi, fanmi ak kòlèg. Konpayi yo ka kreye paj wèb sou Facebook epi pataje medya ke kliyan kapab wè e pataje avèk zanmi yo.



### Twitter

Yon sitwèb kote itilizatè yo voye mesaj kout an tan reyèl. Konpayi yo ka voye mesaj pou fè pwomosyon pou komès machandiz oswa sèvis yo.



### LinkedIn

Yon sitwèb pou pwofesyonèl biznis yo konekte. Konpayi ka kreye kont pou biznis yo epi antre nan gwoup ki gen menm enterè pou sektè aktivite ak pwofesyon yo.



## VANN BA GOUVÈNMAN AN: SÈTIFIKASYON AK KONTRA

Chak ane, Vil New York ale kote konpayi prive pou bay yo kontra pou dè milya de dola founiti, konstriksyon ak lòt sèvis.

Pou biznis yo ka devlope, yo ka vin founisè Vil New York, Eta a, ak/oswa gouvènman federal la. Men fòk gen bon eksperyans, fòmasyon, ak sètifikasyon.

Anba la a gen kèk gid ak resous enpòtan sou fason pou fè kontra ak gouvènman ak sou sètifikasyon.

### ANREJISTREMAN FOUNISÈ

Pou yo vann Vil New York, biznis yo dwe anrejistre toudabò kòm yon founisè. Ale nan City's Payee Information Portal (PIP) nan [nyc.gov/pip](http://nyc.gov/pip), epi klike sou bouton "Activate" (Active) pou w kòmanse.

### SÈTIFIKASYON M/WBE


Èske w se yon minorite osinon yon fanm pwopriyete biznis? Ou ka kalifye pou Pwogram Sètifikasyon Biznis ki gen Pwopriyete Minorite ak/oswa Fanm nan NYC (Minority and/or Woman-Owned Business Enterprise, M/WBE). Sètifikasyon M/WBE NYC ede konpayi yo antre nan konpetisyon pou posiblite kontra ak Vil la. M/WBE Sètifye yo konekte ak achte gouvènman an, lòt kontraktè, ak antre yomenm grasa klas ak semine, evènman rezo, pwogram ranfòsman kapasite ak apèl sible pou òf kontra ak apèldòf (RFP).

Pou kalifye pou Sètifikasyon M/WBE NYC, yon biznis dwe posede, jere ak kontwòle omwens 51% pa sitwayen ameriken oswa rezidan pèmanan ki manb yon gwoup minorite deziyen, ki gen ladan Nwa, Ispanik, Pasifik Azyatik, ak Endyen-Azyatik, osinon yon fanm oswa plizyè fanm. Yo dwe t ap fonksyone pandan yon ane omwen epi yo gen omwen yon kliyan peyan ki pa yon zanmi oswa manm fanmi. Epi yo dwe ap vann yon bagay gouvènman an achte; sinon li ta kapab pa vo tan ak efò ki nesese pou jwenn sètifikasyon. Ou ka jwenn plis enfòmasyon ak kritè konplè pou kalifikasyon nan [nyc.gov/getcertified](http://nyc.gov/getcertified).

### SÈTIFIKASYON LBE ak EBE

Biznis ki fonksyone nan zòn komèsyal ki istorikman te sou-tilize, jan U.S. Small Business Administration defini sa, gendwa kalifye pou

sètifikasyon Antrepriz Lokal (Locally-Based Enterprise, LBE). Biznis ke moun ki defavorize sou plan sosyal oswa ekonomik posede, jere, ak kontwòle kapab kalifye pou yon sètifikasyon Antrepriz Emèjan (Emerging Business Enterprise, EBE). Tankou pou sètifikasyon M/WBE NYC, sètifikasyon sa yo bay pi gwo aksè nan enfòmasyon sou posiblite pou jwenn kontra Vil la bay. Jwenn plis enfòmasyon sou sètifikasyon LBE ak EBE nan [nyc.gov/getcertified](http://nyc.gov/getcertified)



### LÒT RESOUS ANPLIS

SBS ofri chak mwa semine gratis sou **Selling to Government (Vann ba Gouvènman)** an ak **M/WBE Certification (Sètifikasyon M/WBE)**. Ale nan [nyc.gov/nycbusinesscourses](http://nyc.gov/nycbusinesscourses), epi klike sou, "Selling to Government" (Vann ba Gouvènman), pou w jwenn ak enskri pou yon semine ki toupre ou.

Èske ou bezwen èd pou w vin yon kontraktè gouvènman oswa travay kòm yon kontraktè gouvènman? Sant Asistans Teknik Apwovizyonman (Procurement Technical Assistance Center, PTAC) nan biwo SBS a ka ede w. Pou w kapab konekte, voye yon imèl nan [bizhelp@sbs.nyc.gov](mailto:bizhelp@sbs.nyc.gov) oswa [techassist@sbs.nyc.gov](mailto:techassist@sbs.nyc.gov) osinon rele 311 epi di, "Selling to Government".

05/

**FASON POU  
METE TOUT  
ANSANM**



**Demare ak devlope yon biznis mande anpil tan ak travay. Men, siksè sitèlman anpil antreprenè imigran nan Vil New York rann pwomès ak posibilite li aklè. Nan vil nou an, imigran reprezante mwatye nan tout pwopriyetè biznis epi yo jwenn siksè nan tout sektè, depi nan komès andetay jouk rive nan teknoloji. Pou antreprenè sa yo, avantaj yo te piplis pase risk ki genyen nan investi nan yon biznis.**

Gid sa a se yon resous pou ede w kreye opòtinite komèsyal ou, epi fè li vin yon siksè. Li se yon pwèn depa tou. Chak etap nan paj sa yo mande vizyon ak efò pou reyalize yo. Men, ou pa bezwen fè okenn pa poukont ou. **NYC Department of Small Business Services la pou ede w avèk sèvis gratis nan nenpòt etap devlopman pwosesis ou an.**

# SONJE 15 PWEN KLE AK RESOUS SA YO KI NAN GID LA.

## 1/ **Ou te defini dwa w kòm yon Moun New York ki imigran.**

**Resous:** Jwenn plis enfòmasyon sou asistans legal gratis nan lang pa ou nan [nyc.gov/immigrants](https://nyc.gov/immigrants).

## 2/ **Evalye konpetans ou, kapasite w, ak resous ki disponib yo anvan ou kòmanse yon biznis. Defini yon plan pou fè fas ak difikilte yo.**

**Resous:** Pou jwenn konsèy sou evalyasyon sa a, SBS ofri yon semènè gratis, “10 Etap pou Kòmanse Yon Biznis” (10 Etap pou Kòmanse Yon Biznis). Ale nan [nyc.gov/businesscourses](https://nyc.gov/businesscourses), epi klike “**Business Planning and Operations Courses**” (Klas sou Planifikasyon ak Operasyon Biznis) pou w jwenn yon semènè ki toupre ou.

**3/ Fè rechèch sou mache ou ak sou kliyan ou vize. Asire kikote biznis ou an pozisyon nan mache a jodi a ak pi devan. Yon bon lide biznis egal valè lide sa a pa rapò ak demann ki egziste pou sèvis oswa pwodwi ou vle ofri yo.**

**Resous:** Si ou serye sou zafè louvri yon ti biznis, SBS ofri yon seri seminè ki pral ede w konprann mache ou, kliyan ou vize, ak plis ankò. Ale nan [nyc.gov/fasttrac](http://nyc.gov/fasttrac), epi aplike nan pwogram Nouvo antrepriz FastTrac® SBS la.

**4/ Kreve yon plan biznis andetay ki ka gide devlopman biznis ou nan chak etap. Li ta dwe deklare tou avèk prèy ke biznis ou an pral reyisi.**

**Resous:** Fè revizyon kesyon ki nan paj 16 yo pou egzaminen kisa w ap bezwen pou planifye biznis ou. Pou w jwenn èd gratis pou planifikasyon biznis, ale nan [nyssbdc.org/locations.html](http://nyssbdc.org/locations.html) pou w vizite yon Sant Devlopman Ti Biznis ki toupre ou.

**5/ Mete lòd nan finans pèsònèl ou, espesyalman kredi ou, anvan w konsidere finans biznis ou.**

**Resous:** Vil la ofri konsèy gratis pou ede ou fè fas ak dèt ou, amelyore kredi ou, louvri yon kont labank, ak plis ankò. Rele 311 epi di, “Financial Counseling” (Konsèy Finansye) pou w jwenn èd.

**6/ Si ou bezwen finansman biznis, toudabò konnen egzakteman konbyen lajan ou bezwen, poukisa ou bezwen li, epi kijan ou pral renmèt li.**

**Resous:** Sèvi ak Egzèsis 2 (paj 23) nan bwat zouti sa a pou w kalkile depans pou demaraj ak anvizaje kijan ou pral jistifye yo epi renmèt yo.

**7/ Kreve yon plan pou evite ratman lajan, ki se yon gwo pwoblèm kifè anpil biznis echwe epi dwe fèmen.**

**Resous:** Sèvi ak Egzèsis 3 (paj 24) nan bwat zouti sa a pou w kreve yon Eta Woulman Lajan.

**8/ Chak sous finansman pou biznis gen pwòp risk ak rekonpans pa li. Fè rechèch ak planifye pou chak opsyon, espesyalman si se ekonomi pèsònèl ou.**

**Resous:** Pou jwenn èd nan fason pou jwenn finansman biznis, SBS ofri seminè gratis “Business Finance Roadmap” (Gid pou Finansman Biznis). Ale nan [nyc.gov/nycbusinesscourses](http://nyc.gov/nycbusinesscourses), epi klike sou “Financing and Accounting Courses” (Klas sou Finansman ak Kontablite) pou jwenn yon seminè ki toupre ou.

**9/ Pa gen yon sèl estrikti jiridik ki pi bon pou tout kalite biznis yo ki genyen. Ou dwe klè sou kantite risk ou ka sipòte ak kantite fleksibilite ou vle nan biznis ou.**

**Resous:** Pou w jwenn èd legal pou estrikti biznis, kontakte yon Manadjè Kont SBS. Ale nan [nyc.gov/businesssolutions](http://nyc.gov/businesssolutions) epi klike “CONTACT” (KONTAK). Oswa rele 311, epi mande pou “NYC Business Solutions”.

**10/ Jwenn enfòmasyon sou li ak vizite anplasman komèsyal ki enterese w la anvan w egzaminen yon kontra-lwaye. Lè ou pare, egzaminen kontra-lwaye ou an ak yon avoka anvan ou siyen li. Pa sipoze kontra-lwaye a pral nòmal oswa ekitab.**

**Resous:** Pou jwenn plis enfòmasyon sou lokasyon komèsyal, ale nan seminè gratis SBS, “Signing a Commercial Lease: What You Need to Know” (Siyen yon Kontra-Lwaye Komèsyal: Sa Ou Dwe Konnen). Ale nan [nyc.gov/nycbusinesscourses](http://nyc.gov/nycbusinesscourses), klike “Business Planning and Operations Courses” (Klas sou Planifikasyon ak Operasyon Biznis) pou w jwenn yon seminè ki toupre ou.

**11/ Ou dwe klè sou tout règleman gouvènman pou biznis ou anvan ou kòmanse, repase yo regilyèman pou w asire ou pa nan vyolasyon.**

**Resous:** Pou jwenn resous sou règleman pou biznis, ale nan [nyc.gov/business](http://nyc.gov/business). Pou jwenn konsèy pèsònèl nan men yon Manadjè Kliyan SBS, voye yon imèl nan [businesshelp@sbs.nyc.gov](mailto:businesshelp@sbs.nyc.gov), oswa rele 212.618.8810 pou w pran yon randevou.

## 12/ **Kreye yon mak ak metòd pou biznis ou ki satisfè bezwen kliyan ou yo. Fè li diferan de lòt yo dekwa pou li kreye yon distenksyon ant oumenm ak konkiran yo.**

**Resous:** Pou w kòmanse ak estrateji maketing ou, SBS ofri seminè gratis “Marketing 101” (Marketing 101). Ale nan [nyc.gov/businesscourses](https://nyc.gov/businesscourses), epi klike sou “Marketing and Technology Courses” (Klas sou Maketing ak Teknoloji) pou w jwenn seminè ki toupre ou.

## 13/ **Chèche konnen kijan kliyan ou vize yo te vin konnen egzistans biznis tankou pa ou an. Bay estrateji maketing ou pral itilize pou w rive jwenn yo priyorite. Egzaminen kikote chak estrateji rive ak depans pou li.**

**Resous:** Pou amelyore estrateji maketing ou piplis, SBS ofri seminè gratis “Mastering Marketing” (Metrize Maketing). Ale nan [nyc.gov/businesscourses](https://nyc.gov/businesscourses), epi klike sou “Marketing and Technology Courses” pou w jwenn seminè ki toupre ou.

## 14/ **Kreye yon sitwèb ak yon prezans nan medya sosyal pou biznis ou. Entènèt enpòtan anpil pou fason kliyan jwenn ak chwazi biznis kote pou yo achte.**

**Resous:** Pou aprann fason pou kreye yon sitwèb pou biznis ouwa fason pou sèvi ak medya sosyal, ale nan seminè SBS gratis, “Website Fundamentals” (Prensip debaz Sitwèb) ouwa “Social Media Fundamentals” (Prensip debaz Medya Sosyal). Ale nan [nyc.gov/businesscourses](https://nyc.gov/businesscourses), epi klike sou “Marketing and Technology Courses” pou w jwenn seminè ki toupre ou.

## 15/ **Chèche konnen si biznis ou an ta jwenn avantaj nan vann ba gouvènman an. Gen sètifikasyon ki disponib pou pwopriyetè biznis ki ka ba yo pi gwo aksè ak enfòmasyon sou fason pou jwenn kontra ak leta.**

**Resous:** SBS ofri chak mwa seminè gratis sou Vann ba Gouvènman an ak Sètifikasyon M/WBE. Ale nan [nyc.gov/selltogovt](https://nyc.gov/selltogovt) pou w anrejistre pou yon seminè ki toupre ou.



**NYC**  
Office of the  
Mayor

Small Business  
Services

Gregg Bishop  
Commissioner

**citi**<sup>®</sup>

CitiCommunityDevelopment.com

[nyc.gov/immigrantbusinesses](http://nyc.gov/immigrantbusinesses)

